Щэкlуэгъуэм и 4-р Щlыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№132 (24.726) • 2024 гъэм щэкlуэгъуэм (ноябрым) и 2, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •




# Республикэр пэрытхэм язщ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек видеоконференц жыпхъэм иту хэтащ УФ-м и Правительствэм щIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ и комиссэм и зэIущIэм. Ар иригъэкIуэкIащ вице-премьер Хуснуллин Марат.**

ЗЭIУЩIЭР теухуат лъэпкъ, къэрал проектхэр гъэзэщIа зэрыхъум, фэтэр куэду зэхэт унэхэр зэIузэпэщ щIыным хуэунэтIа программэхэр зэрагъэзащIэм, инфраструктурэ зэрызэрагъэпэщым.

«Нэхъ пасэуи къызэрыхэзгъэщауэ, лъэныкъуэ псомкIи пэрытхэм дащыщщ», - иритхащ КIуэкIуэ Казбек и телеграм напэкIуэцIым.

Илъэс блэкIам Къэбэрдей-Балъкъэрым щаутIыпщащ метр зэбгъузэнатIэ 453,9-м нэс псэупIэ, ар процент 23-кIэ нэхъыбэщ, илъэс блэкIам елъытауэ. Гъэр имыух щIыкIэ, иджыри метр зэбгъузэнатIэу 579-рэ и кIэм нагъэсынущ, лэжьыгъэм щыщу процент 78-р зэфIэкIащ.

Къалэ зэхэзекIуапIэхэр зэIузэпэщ щIынымкIэ къэрал программэм и гугъу тщIымэ, цIыхубэ зэхэзекIуапIэу 40 зыхуей хуагъэзакIэщ, пщIантIэ 20-м лэжьыгъэхэр щокIуэкI. КъинэмыщIауэ, фэтэр куэду зэхэт унэ 75-рэ зэрахьэну я мурадщ, абыхэм щIэт лифт 27-рэ яхъуэжынущ. Унэ 45-м щекIуэкI лэжьыгъэр и кIэм нэсащ, адрейхэри хьэзыр хъуным куэд щимыIэж щытыкIэм итщ.

# Ди юбилейм фыкъыдогъэблагъэ!

«Адыгэ псалъэ» газетым къежьапIэ хуэхъуа «Къэрэхьэлъкъыр» дунейм къызэрытехьэрэ илъэси 100 зэрырикъум теухуа пшыхь щэкIуэгъуэм и 7-м Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм щекIуэкIынущ. Ди гуапэу фыдогъэблагъэ абы фыхэтыну икIи фыкъыхудоджэ псоми ди зэхуэдэ лъэпкъ гуфIэгъуэр къыддэфIэтыну.

ЩыщIидзэнур сыхьэт 12-рщ.

# ЗэгурыIуэм нэхъ лъапIэ щыIэкъым

**Урысейм ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэр и дамыгъэщ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщхэр, дин зэхуэмыдэхэр зыIыгъхэр зэгурыIуэ-зэдэIуэжу зэрызэдэпсэум. Уи Хэкур фIыуэ плъагъунымрэ ущыпсэу къэралым фIы хуэпщIэфынымрэ ди зэманым мыхьэнэшхуэ иIэщ. Къыхэбгъэщи хъунущ: гугъуехьхэми емылъытауэ, цIыхубэр зыужьыныгъэм и гъуэгум тетщ.**

ТХЫДЭР щыхьэт тохъуэ ди цIыхухэр сыт хуэдэ зэманми зэкъуэту къызэрыгъуэгурыкIуам. ЗэрытщIэщи, ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэр гъэлъэпIэныр зытраухуар 1612 гъэм Польшэм Москва къалэр иубыдыну зэрыхэтамрэ Пожарский Дмитрийрэ Минин Кузьмарэ я унафэм щIэту зэщIагъэуIуа цIыхубэм ди щыхьэрыр къызэрыIэщIахыжамрэщ. Ину ямыгъэIуми, къэралым и зэхэзэрыхьыгъуэм, Москва щхьэхуит къыщащIыжым жыджэру хэтахэм ящыщщ адыгэхэм къахэкIа Черкасский Дмитрий (Къанщауэ) Мамстрыкъуэ и къуэри - къэбэрдеипщ Идар Темрыкъуэ и къуэрылъхур, Грозный Иван и етIуанэ щхьэгъусэу щыта Марие (Гуащэнэ) и дэлъхум и къуэр. АбыкIэ наIуэ мэхъу урысей къэралыгъуэр къызэтенэжыным шэрджэсхэри къызэрымыкIуэу зэрыхэлIыфыхьар. КъызэрагъэлъагъуэмкIэ, 1613 гъэм Мамстрыкъуэ и къуэ Дмитрий, уеблэмэ и акъылэгъухэм пщы хъуну къагъуэлъэгъуэнуи хэтат, арщхьэкIэ езым идатэкъым.

ЦIыхубэр зэкъуэгъэувэным зи гугъу тщIы адыгэпщыр зэрыхэтам щыхьэт тохъуэ тхакIуэ Загоскиным текIуахэр 1612 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м Москва зэрыдыхьа щIыкIэр къызэригъэлъэгъуэжар: «Дзэ гуп псом ипэ итт адыгэш хахуэм тес Черкасский Дмитрий Мамстрыкъуэ и къуэр. СэмэгурабгъумкIэ къыщытт Мининрэ адрейхэмрэ». Апхуэдэу язынықъуэхэм къалъытэ Москва щхьэхуит къэзыщIыжа лIыхъужьхэр щы хъууэ щытауэ, абыхэм я зы фэеплъым и эскизыр нобэми Берлин и музейхэм ящыщ зым щахъумэ.

Дзэмыхь Къасболэт и «Адыги: вехи в истории» тхылъми мыпхуэдэу къыщыхьащ: «Пщы Черкасский Иван урысыдзэм и полкищым я дзэзешэу жыджэру пэщIэтащ Лжедмитрий II. Ари, и Iыхьлы дыдэ Дмитрий Мамстрыкъуэ и къуэм ещхьу, 1612 гъэм Москва щхьэхуит къэзыщIыжахэм яхэтащ»...

Тхыдэм дыкъыхэкIрэ нобэрей зэманым къэдгъэзэжмэ, мы къэрал махуэшхуэр щэкIуэгъуэм и 4-м зэрагъэлъапIэрэ куэд щIакъым - 2005 гъэм ирагъэжьащ, икIи ар зыгъэпсэхугъуэ махуэщ. Совет зэманым ар щэкIуэгъуэм и 7-м ягъэлъапIэу щытащ. Иджыпсту махуэшхуэр, къызэрыхэдгъэщащи, лIыгъэм, зэкъуэтыныгъэм и нэщэнэщ. Украинэм дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI мы лъэхъэнэми цIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и мыхьэнэр нэхъ иныж ещI. Ар даIыгъыу, щэкIуэгъуэм и 4-м «КъБР-м и телерадио центр» IуэхущIапIэм Налшык къалэм и телебашняр дахэу зэщIигъэблэнущ. Абы къытехутэнущ «ЩэкIуэгъуэм и 4-р ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэщ!», «Дынывохъуэхъу ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэмкIэ!» псалъэхэр. Апхуэдэуи чэщанэм Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я къэрал ныпхэр къытрагъэдзэнущ. Мыпхуэдэ Iуэхур Мейкъуапэ, Черкесск, Грознэ, Мэхъэчкъалэ, Дон Iус Ростов, Сочэ, Санкт-Петербург, Благовещенск, Брянск, Воронеж, Иркутск, Калугэ, Къэзан, Мурманск, Симферополь, Новгород Ищхъэрэ, Новосибирск, Тверь, Ярославль къалэхэми къыщызэрагъэпэщ.

ЦIыхубэр зэкъуэту, мамырыгъэмрэ гущIэгъумрэ дэтхэнэми ипэ иригъэщу псэумэ, къэралри лъэщынущ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**



Адыгэ Псалъэ • apkbr.ru • adyghe@mail.ru • smikbr.ru Адыгэ Псалъэ



Дыгъуасэ

# УсакIуэм и фэеплъыр ягъэлъапIэ

**Балъкъэр усакIуэ цIэрыIуэ, тхакIуэ, журналист, дзэ корреспондент Кулиев Къайсын и фэеплъу езым и цIэр зезыхьэ уэрамым тетым и деж пэкIу щекIуэкIащ. Лъэпкъ усыгъэм и классикыр къызэралъхурэ илъэси 107-рэ щрикъу щэкIуэгъуэм и 1-м ирагъэхьэлIащ ар.**

ЗЭIУЩIЭР щIидзащ Къайсын и усэхэм балъкъэрыбзэкIи урысыбзэкIи сабий цIыкIухэр къеджэу. Абы зыкърагъэхьэлIат Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм, Парламентым, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, Налшык къалэ, район администрацэхэм я лIыкIуэхэм, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэм, ди республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм щыщхэм, усакIуэм и благъэхэмрэ абы и гуащIэм дихьэххэмрэ.

Кулиев Къайсын хуэгъэза псалъэ гуапэхэмкIэ зэIущIэр къызэIуихащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**.

- И фэеплъыр дгъэлъэпIэн, и гуащIэмрэ и гъащIэмрэ дигу къэдгъэкIыжын папщIэ Къайсын къыщалъхуа махуэмрэ дунейм щехыжамрэ дыкъыщызэхуос абы и фэеплъым и деж, - жиIащ министрым. – Кулиевым къигъэнащ хэмыгъуэщэжын лъэужь, дэ къытхуэнэр абы и IэдакъэщIэкIхэр щIэдджыкIынырщ, ахэр гъащIэм дыхэзыгъэгъуазэ стIолыщхьэ тхыгъэу диIэнырщ.

АдэкIэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор **Зумакулов Борис**.

- Зи усыгъэмкIэ ди республикэми балъкъэр лъэпкъми я пщIэр къэзыIэта усакIуэ гъуэзэджэр дэ зэи тщыгъупщэнукъым. Зэпымыууэ дигу къэдгъэкIыжынущ, и фэеплъри тхъумэнущ. Шэч къытесхьэркъым абы дызэрызэхихми, зыхузогъазэ: Къайсын, уи фэеплъым хуэсакъынур уи благъэ-Iыхьлыхэм я закъуэкъым, атIэ уи гуащIэр зигу дыхьэ дэтхэнэми пщIэ къыпхуищIу уи цIэр ириIуэнущ. ЩIэблэм ущымыгъупщэху упсэунущи, си фIэщ мэхъу узэрыуахътыншэр, - къыхигъэщащ и къэпсэлъэныгъэм Зумакуловым.

- Зэчийр сытым дежи лъапIэщ, дыщыпсэу нобэрей гъащIэми къозэгъ. А псалъэхэр, шэч хэмылъу, хужыпIэ хъунущ Кулиевым и гуащIэм, - къыщIидзащ къыкIэлъыкIуэу къэпсэлъапIэр хуит зыхуащIа, КъБР-м и радиожурналист Iэзэ, зэдзэкIакIуэ цIэрыIуэ **Мэремкъул Ларисэ**. – Лъэпкъ литературэм и классикхэм, Кулиеври абыхэм яхэту, зы сатыри къащIэнакъым нобэрей махуэм къемызэгъыжу, дыхуэмеижу. ЛъапIэщ ахэр ди дежкIэ икIи тхъумэнущ тхузэфIэкIыху.

УсакIуэм и гъащIэм, и лэжьыгъэм я гугъу ящIу зэIущIэм къыщыпсэлъащ тхакIуэ, журналист **Моттаевэ Светланэ**, лъахэхутэ, уней тхылъ тедзапIэм и унафэщI, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Котляровэ Марие**, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм и къуэдзэ, балъкъэр усакIуэ **Беппаев МутIэлип**, Шэджэм район администрацэм и Iэтащхьэ **Уэдыжь Хьэсанш**. Абыхэм псоми зы жьэу жаIащ Кулиев Къайсын усакIуэфIым, тхакIуэфIым къыщымынэу, цIыху пэжу, зауэлI хахуэу, ныбжьэгъу телъыджэу, лъэпкъылIу зэрыщытар.

ЗэIущIэм хэтахэм Къайсын и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ. Абы иужькIэ къызэхуэсахэр кIуащ усакIуэм и лъахэм – Шэджэм къалэ. Кулиев КъайсынрэКIыщокъуэ Алимрэ я фэеплъхэм удз гъэгъахэр тралъхьащ, Кулиевым и унэ-музейм зыщаплъыхьащ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



# Зэкъуэтыныгъэращ къэралыр зыгъэбыдэр

***ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм нэхъри зэкъуегъэувэ ди къэралым щыпсэухэр. Хэт сыт хуэдэ лъэпкъ къыхэкIами, сыт хуэдэ дин зэрихьэми, сыт хуэдэ гупсысэ иIэми – псори зы Хэкум дрибынщ. Аращ зытеухуар «Журналист щIалэгъуалэм я еджапIэм» къекIуалIэхэм ягъэхьэзырауэ нобэ къытеддзэ тхыгъэхэр.***



## Лъэпкъхэр куэдми, Хэкур зыщ!

Урысей Федерацэр дин, лъэпкъ куэду зэхэт къэралыгъуэщ, дэтхэнэми езым и тхыдэ къулейрэ щэнхабзэ дахэрэ иIэжу. Ахэр зыми хуумыгъэдэфыну хъугъуэфIыгъуэ инщ икIи дызэрыпагэ Iуэху телъыджэщ.

Дэ нэхъапэм диIакъым ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэ. Армырами зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу лъэпкъ 200-м нэблагъэ зы къэралыгъуэ иным дыщыпсэурт. Илъэс блыщIкIэ къэгъуэгурыкIуа Совет Союз абрагъуэр зэхэщэщэжу, щхьэж и унэ екIуэлIэжу щIидза иужькIэщ абы егупсысын щыщIадзар. ЗэманыфI дэкIын хуей хъуащ цIыхубэ зэкъуэтыныгъэм нэхъ лъапIэ зэрыщымыIэр къагурыIуэн папщIэ. Ар, уеблэмэ, экономикэми, политикэми, щэнхабзэми, нэгъуэщI куэдми япэ игъэщыпхъэщ. Аращ 2005 гъэм, президент унафэкIэ ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэр щIагъэувар. Щхьэусыгъуэ хуэхъуар Минин Кузьмарэ Пожарский Дмитрийрэ зи пашэ цIыхубэ ополченэм 1612 гъэм щэкIуэгъуэм и 4-м Мэзкуу къалэр зэрыпхъуакIуэхэм къызэрыIэщIагъэкIыжаращ.

Налшык дэт ТворчествэмкIэ унэм и лэжьакIуэхэм а махуэшхуэм ирихьэлIэу сабийхэм драгъэкIуэкIащ хэкупсэ Iуэхугъуэхэм я дерсхэр. Абыхэм я мурад нэхъыщхьэр къытщIэхъуэ щIэблэр къызыхэкIа лъэпкъыр фIыуэ ялъагъуу, хабзэ, нэмыс яхэлъу, щIэныгъэм хуэпабгъэу къэгъэхъунырщ.

- Ди республикэм щыпсэухэм лъэпкъ зэхэгъэж ящIын дэнэ къэна, зым адрейм пщIэшхуэ хуищIу, игъэлъапIэу апхуэдэщ, - жеIэ Налшык дэт ТворчествэмкIэ унэм и егъэджакIуэ КIуащ Зуридэ. – Зыщ дэ ди къежьапIэр, ди къэкIуэнури зэхуэдэщ. Абы къыхэкIыу лъэпкъ зэгурыIуэныгъэр тхъумэн, зедгъэужьын хуейщ. Ар къэтIасхъэмэ, къэралри щытыкIэ гугъум ихуэнущ. Пэжщ, Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми бзэкIи, хабзэкIи, теплъэкIи зэтемыхуэу лъэпкъ куэд дыщопсэу. Абы щыгъуэми ди Хэкур зыщ.

**КЪУЩХЬЭ Iэсият.**

## ЩыIэр цIыху Iейщ

Ди къэралым щыпсэу лъэпкъ куэдым ящыщу 6-ращ бжыгъэкIэ мелуаным щIигъур. Адрей щитIым нэблагъэр куэдкIэ нэхъ мащIэщ. Абы щхьэкIэ къэмынэу дызэгурыIуэрэ дызэдэIуэжу псори дызэдопсэу. Апхуэдэ щапхъэ щыслъэгъуащ сыщеджэ Налшык дэт курыт школ №32-м.

Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэр дгъэлъэпIэну зэгуэрым зыдгъэхьэзырт. Къафэхэр, уэрэдхэр, усэхэр зэдгъащIэрт. Балъкъэр ныпым теухуа уэрэдыр щыжытIэкIэ ди лъэпкъ ныпыр иIыгъыу зы щIалэ цIыкIу къэфэн хуейт. АрщхьэкIэ псори укIытэрт икIи балъкъэр щIалэ цIыкIухэр утыку къытхуихьэртэкъым. Апхуэдэу щыхъум, зы къыхэувыкIащ, «Сэ сыкъэфэнщ!», жиIэри. Ар ди классэгъу адыгэ щIалэ цIыкIут икIи дахэ дыдэу ди Iуэхур къыддиIыгъащ. АбыкIэ ди зэхущытыкIэхэр нэхъри игъэбыдащ, езыми гъэсэныгъэ, пщIэ зэрыхэлъыр къигъэлъэгъуащ, къызэхэкIа лъэпкъым хуэфащэу.

ИужькIэ сэ куэдрэ сегупсысащ: «Сэ апхуэдэ щытыкIэ сихуамэ, сщIэнур сыту пIэрэт?» Жэуапыр сыт щыгъуи зыт: «ЗыкIи сыкъимыкIуэту ди къуэш лъэпкъым сыкъуэувэнут!»

Лъэпкъ гуэрхэр яфIэIейуэ куэдрэ щызэхэпх щыIэщ. Ар пэжкъым. Лъэпкъ Iей щыIэкъым, щыIэр цIыху Iейщ.

**ТОХАЕВЭ Iэминэ.**

## Дызэгъусэу догъэлъапIэ

**ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэр ди къэралым щынэхъ лъапIэхэм ящыщми, адрейхэм елъытауэ къызэрежьэрэ куэд щIакъым. Дауэ хущыт абы ди цIыхухэр. Ар зэдгъэщIэну лъэпкъ щхьэхуэхэм ящыщхэм захуэдгъэзащ.**

- Си дежкIэ ЦIыхубэ зэкъутыныгъэм и махуэм мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыту жыпIэмэ, си адэр грузинщ, си анэр адыгэщ, - къыджиIащ Лобжанидзе Лали. – Махуэшхуэ псори дэ зэгъусэу догъэлъапIэ. си анэмкIи, си адэмкIи ди благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ фIы дыдэу икIи гуапэу зэхущытщ. Адыгэхэм ди махуэшхуэхэри, грузинхэм ейхэри, къэралым щыIэхэри – псори зэгъусэу зэдыдоIэт. Сытым хуэдэу гухэхъуэ ахэр зэхуэсыжауэ щызэхэсым и деж уахэплъэну, щхьэж и лъэпкъ уэрэдхэр жаIэу, зэдэгушыIэу! Сэри ныбжьэгъу си куэдщ, адыгэуи, балъкъэруи, урысуи. Дэтхэнэми и хабзэм, тхыдэм, зэхэтыкIэм хуабжьу сфIэхьэлэмэту зыщызогъэгъуазэ икIи гъащIэм къыщысхуэсэбэпынухэр зыхызолъхьэ.

Псалъэмакъым къыпещэ Егъуэжь Эммэ. «Мы махуэшхуэр икъукIэ фIыуэ солъагъу, - жеIэ абы. – ЩэкIуэгъуэм и 4-м иджыри зэ гу лъыдотэ мамырыгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ мыхьэнэшхуэ зэраIэр. Ахэращ псоми я къежьапIэр икIи нобэ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэщ.

**ГУМЭ Алинэ.**

## «Артек»-м дызэхуешэс

Илъэс къэс ди къэралым щагъэлъапIэ ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэр. Мы гъэм ар техуащ «Артек» дунейпсо сабий центрым и епщыкIутIанэ зэхуэшэсыгъуэм.

Лагерь зэхуэсыгъуэ къэс езым и фIэщыгъэцIэ иIэжщ. Мыбы фIащащ «Урысей – си Хэку!», дыщалъхуа къэралыр фIыуэ зэрытлъагъумрэ дызэрыхуэпэжымрэ я нэщэнэу.

Илъэс къэс «Артек»-м щызэхуос къэралым и щIыпIэ псоми къикIа сабийхэр. Тхьэмахуищым къриубыдэу абыхэм Iэмал яIэщ зэрыцIыхуну, ныбжьэгъу зэхуэхъуну, я хабзэ, зэхэтыкIэхэмкIэ зэрыщIэну. Зы махуи къанэркъым зэIущIэ, викторинэ, зекIуэ хьэлэмэтхэр къызэрамыгъэпэщу. Абы цIыкIухэр зэкъуегъэувэ, зэрегъэубыд. Мызэ-мытIэу музейхэми яшэ, Севастополь къалэм зыщрагъэплъыхь, тенджызым щытраши къохъу.

Сэри сыщыIащ абы икIи сыхиубыдащ «Сабиигъуэм и дуней» Iыхьэм. Абы щызэзгъэцIыхуащ ди къэралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэми щыщ щIалэ, хъыджэбз цIыкIухэр. Абы лъандэрэ зэманыфI дэкIами нобэми дызэрощIэ, дызэныбжьэгъущ, ди Iуэху зытетыр зым адрейм худоIуатэ.

«Артек»-м хьэкъ тщищIащ укъызыхэкIа лъэпкъым, ущыпсэу щIыпIэм емылъытауэ ныбжьэгъуфI куэд зэрызэбгъэгъуэтыфынур. СыщIохъуэпс абы иджыри тезгъэзэну.

**РАСТРЁПИНЭ Ксение.**

## Художник цIэрыIуэр я хьэщIащ

«Журналист щIалэгъуалэм я еджапIэм» Iэщlагъэм зыщыхагъэгъуазэ, тхэным и щэхухэр къыщащIэ къудейкъым. Абы цIыху цIэрыIуэхэри щIэх-щIэхыурэ щаIуощIэ. Махуэку кIуам я хьэщIащ къэралми дунейми зи IэдакъэщIэкIхэмкIэ фIыуэ къыщацIыху икIи пщIэшхуэ щызиIэ, Урысей Федерацэм и цIыхубэ художник, ХудожествэхэмкIэ Урысей Академием и академик, профессор Пащты Герман.

Урысей Федерацэм и Художникхэм я зэгухьэныгъэм къыщынэмыщIауэ, Журналистхэми я союзым 1975 гъэ лъандэрэ хэт Пащты Герман къызэхуэсахэм кIэщIу яхутепсэлъыхьащ и гъащIэр къызэрекIуэкIамрэ адэкIэ и мурадхэмрэ. Къыхигъэщащ Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Дзэлыкъуэ къуажэм къызэрыщалъхуар, иужькIэ и адэ-анэм дэщIыгъуу Налшык къыщыIэпхъуам адыгэбзэкIэ фIэкIа мыпсалъэу зэрыщытам.

- Анэдэлъхубзэр дэнэ дыщыIэми ди Iэпэгъуу, гъуэгугъэлъагъуэу щытын хуейщ, - жиIащ Герман. – Ар дэ нобэ дымыхъумэмэ, махуэ къэс къэдмыгъэсэбэпмэ, пщэдей тIэщIэкIынущ. Сэ илъэс куэд хъуауэ Красноярск сыщылажьэми сыщыпсэуми, зы Iэмал къэзгъанэркъым сыщалъхуа, си сабиигъуэр щызгъэкIуа Къэбэрдей-Балъкъэрым сыкъэкIуэжын папщIэ, зыгуэркIэ сэбэп сызэрыхуэхъунуми сыт щыгъуи сыхущIокъу. Къапщтэмэ, си лэжьыгъэ цIэрыIуэ куэд республикэм тыгъэ хуэсщIащ, дяпэкIи слъэкI къэзгъэнэнукъым абы ифI злэжьын папщIэ.

Журналист щIалэгъуалэр яфIэгъэщIэгъуэну щIэупщIащ и цIэр зезыхьэ ксилографиемкIэ школ Красноярск къызэрыщызэригъэпэщам, ар зэригъэлажьэ щIыкIэм. Абы гупсэхуу тепсэлъыхьри, Пащты Герман и гугъу яхуищIащ Китайм иужьу щригъэкIуэкIа и гъэлъэгъуэныгъэхэм. ЯжриIащ и сурэтхэр Великобританием, Бельгием, Германием, Италием, Тыркум, Сирием, Иорданием, нэгъуэщI къэралхэми щыпсэу я унэхэм, музейхэм зэрыщахъумэр.

Абы жиIащ Аккизов Екъуб и гъусэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и герб зэрызэхагъэувар, ар ди республикэм и дамыгъэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

ЗэIущIэ купщIафIэм и кIэухыу журналист щIалэгъуалэмрэ художник цIэрыIуэмрэ зэгъусэу сурэт зытрагъэхащ.

**МЭЗКУУ Къан.**

**ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар ХЬЭТАУ Ислъамщ.**

# И псалъэ IэфIыр хущхъуэ пхуохъу

**Зи узыншагъэкIэ гукъеуэ зиIэхэр махуэкIэрэ щIэлъу, къыщеIэзэу Налшык дэт 3-нэ поликлиникэм иIэ къудамэм сыкIуэн хуейуэ къыслъыкъуэкIат мазэ кIуам. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, абы хухаха 4-нэ къатыр гурыхьт, и лъэгур зэщIэцIуужу, лыдырт. И блынхэри апхуэдэт. Абы и закъуэ - зэры поликлиникэу къабзэлъабзэщ, нэхъапэхэми мызэ-мытIэу сыщIыхьати гунэс сщыхъуат. ПIалъэ кIэщIкIэ цIыхур зыщIэлъ, мастэ къыщыхаIу, хущхъуэ къыщрахьэлIэ къатым и унафэщI Щоджэн Аминэ си тхылъымпIэхэр сIихщ, сызыгъэпIейтеймкIэ къызэупщIри, къыдэлажьэ дохутырхэм ящыщ зым деж сигъэкIуащ.**

УХУЕЙ-УХУЭМЕЙМИ, журналист лэжьыгъэм набдзэгубдзаплъэ уещI. ЗэкIэлъыпытурэ махуэ зыбжанэкIэ сахыхьати, цIыхур куэду зэрыкIуэм къыхэкIыу, зэзэмызэ дакъикъэ зыбгъупщIкIэ сыпэплъэн хуей хъурт гъуэлъыпIэр нэщI щыхъунум. Апхуэдэхэм деж кIэлындорым щызэблэкIхэм жаIэхэри зэхэпхырт, увыIэгъуэ ямыIэу сымаджэхэр зыщIэлъ пэшхэм щIыхьэ-щIэкIыу щыт медсестрахэу Дэхъу Оксани, Щхьэныкъуэ Мадини, езы Амини упщIэкIэ захуэзыгъазэр зэрымымащIэми гу лъыптэрт. Ахэр дэтхэнэми щабэу епсалъэхэрт. СымыгъэщIагъуэу къэнакъым гупым и унафэщI Щоджэн Аминэ и зэпIэзэрытагъыр, и зыIыгъыкIэр, и гуапагъыр, и ныбжькIэ щIалэу щытми, жэуаплыныгъэ зыпылъ апхуэдэ IэнатIэ и пщэ къызэрыдэхуар. Гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым адыгагъэ, цIыхугъэ зэрылъ унагъуэ ар къызэрихъукIам.

Си поликлиникэ кIуэныр зэфIокIри, тхьэмахуэ зытIу дэкIауэ, куэд щIауэ си ныбжьэгъу гуэр телефонкIэ къопсалъэ: «Сэ зы дохутыр гуэр къэсцIыхуащи, уи псэр ебгъэшх хъунщ. Уи фIэщ зэрыхъун, и псалъэ къудейр хущхъуэ пхуохъу, апхуэдизкIэ цIыхуфIщ, бзэ IэфI иIэщи. КIуэаракъэ, и нэмысымрэ и адыгэбзэ къабзэмрэ сызыIэпишащ. Ар зи унафэщI къудамэм махуэ къэс сыкIуэурэ зэзгъэIэзэу здекIуэкIым, щхьэусыгъуэ гуэрхэмкIэ зэпызгъэуа хъуати, гузавэу телефонкIэ къэпсэлъащ: «Щхьэ укъэмыкIуэрэ, нэхъ сымаджэ укъэхъуауэ ара?» - жиIэри. Апхуэдэу сыкъызыфIэIуэхуа дохутыр срихьэлIакъым. Абы утетхыхьыну, цIыхум къебгъэцIыхуну уасэ иIэкъым». «Хэтхэ ящыщ?», - жысIэу сыщыщIэупщIэм, «Щоджэнхэ Аминэ», - къызитащ жэуап. «Си гум укъиш хыдыкIащ, сэри соцIыху ар, абы и деж зыщызгъэхъужащ», - щыжысIэм, си ныбжьэгъур щыгуфIыкIынтэкъэ, арати, дохутыр бзылъхугъэ щIалэм и гугъу газетеджэхэм яхуэсщIыну иужь сихьащ ...

Аминэ къуажэкIэ Урыху щыщщ. Абы и адэ Мартин пщIэрэ щхьэрэ зиIэ цIыхуу зэрыщытым куэд щIауэ сыщыгъуазэщ. Я жылэм дэт консерв заводым и унафэщIу щыщыта зэманым зэрэ тIэурэ сыIущIащ. Ди радиом илъэс IэджэкIэ щылэжьа уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Шумахуэ ХьэзрэIил зы гъэ къызжиIауэ щытат: «Дунейм зы цIыхуфI тетмэ, Мартин етIуанэщ, адыгэлI нэс жыхуаIэм хуэдэщ, шэ хьэлэл ефа цIыхущ. Iуэху сиIэу мызэ-мытIэу и сэбэп къызэкIащ. Си закъуэкъым, куэдым защIигъэкъуащ абы».

Къуажэ школым фIыуэ щеджащ Аминэ. Япэ классым щыщIэдзауэ еплIанэр къиухыху сабийхэм анэ папщIэу къащхьэщыта, щIэныгъэм япэ лъэбакъуэхэр хезыгъэча Гугъуэтыж Лимэ хуабжьу къазэрегугъуар нобэми щыгъупщэркъым. Курыт классхэм кIуа нэужьи и еджэныр къигъэтIэсхъакъым. Дауи, ныбжьыщIэм щIэныгъэфI игъуэтыныр нэхъыбэу зэлъытар егъэджакIуэрщ, абы предметыр щIэблэм зэрабгъэдилъхьэрщ. Щоджэнхэ я пхъум сыт щыгъуи IэфIу игу къегъэкIыж и егъэджакIуэхэр, абыхэм яхэткъым игу къыдэмыхьа, ауэ псом хуэмыдэу ар яхуэарэзыщ ямылейуэ зыдихьэха есэпымкIэ, физикэмкIэ, урысыбзэмкIэ иIа егъэджакIуэхэу Гугъуэтыж Заремэ, Жэмбей Маритэ, Псэунэкъу Зарет сымэ.

Щоджэн зэдэлъхузэшыпхъухэр плIы мэхъу - хъыджэбзищрэ зы щIалэрэ. Сабийхэр ягъэфIакъым, я хьэблэм дэс цIыкIухэм ямыIэ зэрыджэгу хьэпшыпи ямылейуэ къыхуащэхуакъым. Тхылъырат адэ-анэм гулъытэ лей зыхуащIыр - ар я куэдти, бынхэм я къэухьым нэхъ зэрызрагъэужьыным хущIэкъухэрт. Унагъуэ Iуэхухэми зыпыIуидзыртэкъым Аминэ. Щынэхъ цIыкIум абы и къалэнт я унэм щIэс псоми явакъэхэрпщыхьэщхьэм игъэкъэбзэну. ТIэкIу нэхъ къэжэпхъа нэужь, и пщэ къыдэхуэ къалэнхэм къахэхъуащ: хьэкъущыкъухэр итхьэщIын, унагъуэм щIэс псоми я щыгъыныр зыхуей хуигъэзэн, ету тридзэн хуейуэ. ЕджапIэм къыщаутIыпщ зэманхэми Iуэхуншэу дагъэсакъым - губгъуэм яшащ, абы щымыкIуэм консерв заводым щылэжьащ. И гъусэ, и ныбжьэгъу хъыджэбз цIыкIухэм япэ имыщмэ, къакIэрымыхуу бгъэдэтащ и IэнатIэм. Хъунутэкъым зыщIригъэх, абы и адэр заводым и унафэщIти, фIыуэ мылажьэмэ, «адэм и къуагъым къуэсщ» жаIэу къызэрырау дэкIынур къыгурыIуэрт.



- Курыт классхэм сыщыщIэс лъэхъэнэм математикэм сыдихьэхырти, IэщIагъэ схуэхъуныр абы епхауэ щытыныр си хъуэпсапIэт, - жеIэ Аминэ. - Олимпиадэхэм сагъакIуэу, абыхэм ехъулIэныгъэ къыщысхьу секIуэкIащ. АрщхьэкIэ класс нэхъыжьхэм сыщеджэу си мурадым зихъуэжащ. Си адэм и гур узу къыщахутам, абы дохутырхэр къызэрелIэлIар слъэгъуа нэужь, ахэр зыпэрыт лэжьыгъэ щхьэпэм си гъащIэр тезухуэну гупыж сщIащ. Арати, школ нэужьым Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ къудамэм сыщIэтIысхьащ.

КъБКъУ-м и медицинэ къудамэр къызэринэкIа нэужь, адэкIи и еджэным пищащ Аминэ: терапиемкIэ - интернатурэр, кардиологиемкIэ - ординатурэр къиухащ. АдэкIэ и лэжьыгъэ гуъэгуанэр щыщIидзэнум здегупсысым, къыдеджа хъыджэбз цIыкIухэм ящыщ зым хъыбар къригъэщIащ, езыр здэщыIэ IуэхущIапIэр IэщIагъэлI зэрыхуэныкъуэмкIэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ пщащэм 2012 гъэм Налшык дэт 7-нэ (иджы 3-нэщ) поликлиникэм лэжьэн щыщIидзащ. А гъэм медицинэ IуэхущIапIэм къыщызэIуахат сымаджэхэр махуэкIэрэ зыщIэлъ къудамэ щхьэхуэ. Ар дохутыр хуэныкъуэти, IэщIагъэлI ныбжьыщIэр абы ягъэуври, хуэм-хуэмурэ зыпэрыува Iуэхум ижь хуэхъуащ. АбыкIэ Аминэ дэIэпыкъуэгъушхуэ къыхуэхъуащ и лэжьэгъу нэхъыжьхэр. И IэщIагъэм фIыуэ зэрыхищIыкIыр, и IэнатIэм гу къабзэкIэ зэрыбгъэдэтыр къалъытэри, илъэситху ипэкIэ Щоджэныр сымаджэхэр махуэкIэрэ зыщIэлъ къудамэм и унафэщIу ягъэуващ.

- Ди гупыр, 4-нэ къатым щылажьэхэр, цIыхуихщ дызэрыхъур, - пещэ Аминэ и псалъэхэм, - зы унагъуэм хуэдэу дыкъызэдогъуэгурыкIуэ жысIэми, сыщыуэну си гугъэкъым. Ауэ лэжьыгъэ щыхъукIэ зэзэмызэххэ псалъэмакъ гуэри къыщыкъуэкI щыIэщ: е сымаджэр зыгуэркIэ мыарэзыуэ, е нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ. Апхуэдэхэм деж дяку къыдэхъуа зэгурымыIуэныгъэр зэтес ещIыж поликлиникэм и дохутыр нэхъыщхьэ Дол Маринэ. Абы щыгъуэми нэфI-ней хилъхьэу зы лъэныкъуэ гуэр иубыдыркъым, пэжыращ, захуагъэращ сыт щыгъуи зи телъхьэр. Абы щIызгъунуращи, дэ, дохутырхэм, сыт хуэдэ IуэхукIэ абы зыхуэдмыгъазэми, сытым дежи жэуап тэмэм щыдогъуэт.

Къыщалъхуа, япэ лъэбакъуэхэр щича щIыналъэр, зи хэку цIыкIур ямылейуэ фIыуэ зылъагъуу зы лъэпкъ щыIэмэ, адыгэр етIуанэу къыщIэкIынщ. Абы и щыхьэтщ Щоджэным и гупсысэр. Ар мызэ-мытIэу ягъэкIуащ ди къэралым и нэгъуэщI щIыпIэхэм къыщызэрагъэпэщ зэIущIэ, конференц зэхуэмыдэхэм, апхуэдэхэм деж махуитIщы нэхъ дэмыкIыу къыхуэзэшу щIидзэрт и псэм щыщ Iыхьэ хъуа Къэбэрдей-Балъкъэрым. Абы зэрыжиIэмкIэ, ди цIыхухэр икIи нэхъ гуапэщ, икIи нэхъ гумащIэщ

Зи IэщIагъэм нэхъуеиншэу бгъэдэт, сымаджэр зи щхьэм езылъыт бзылъхугъэ щIалэм игу къеуэхэм ящыщщ зызыгъэхъужыну къыхуэкIуэ цIыхухэм я нэхъыбэр я узыншагъэм тэмэму зэремыгугъур.

- ЦIыхум и узыншагъэр зыхуэдэнур дохутырым и закъуэкъым зэлъытар. Зыхуэсакъыжын хуейщ дэтхэнэ зыри, - жеIэ Аминэ. - Псалъэм щхьэкIэ, ди деж къакIуэхэм мымащIэу къахокI ди чэнджэщхэм щIагъуэу емыдаIуэ, «мыпхуэдэ хущхъуэ зэпхьэлIэн хуейщ» жытIэмэ, арэзы къыддэхъуу, ауэ ди чэнджэщыр Iэпэдэгъэлэл ящIу. Язынықъуэхэм е къафIэIуэхукъым, е ящогъупщэж. Абы къыхэкIыу етIуанэу, ещанэу къытезыгъэзэж къахокI. ИтIанэ мыхьэнэшхуэ иIэщ ерыскъыми. ЦIыхум и узыншагъэм дежкIэ нэхъ зэгъыу щытхэрщ ишхын хуейр. Апхуэдэу гулъытэ лей хуэщIыпхъэщ лъэсу къэкIухьыным. Абы уи Iэпкълъэпкъыр епсыхь, узхэм пэIэщIэ уещI. Ди щIыпIэр дахэщ, ди лъэс лъагъуэхэр захуэщ, ди паркым хуэдэ зиIэ щыIэххэу си фIэщ хъуркъым, а сыздэщыIахэм изолъытри. Псом япэрауэ, цIыхум и узыншагъэр зэлъытыжар езыращ, куэд дыдэ елъытащ абы и щхьэм хуищIыж гулъытэм, дохутырым и чэнджэщхэр зэригъэзащIэм.

Гуп дахэу зэхэтщ Аминэ щылажьэ 3-нэ поликлиникэм щыIэхэр. Абы сыщымыгъуазэу жысIэркъым. IуэхущIапIэм къыгуагъэхьэжа 4-нэ поликлиникэу щытам илъэс тIощIырыпщIым нэсауэ сокIуэри (сызэпхар арац), и нэхъыбэр соцIыху жысIэми, сыщыуэну къыщIэкIынкъым. Дохутыр нэхъыщхьэр зыщIэс, ЩоджэнцIыкIу Алий и уэрамым тет поликлиникэми зыкъомрэ сыщыIащ. Сэ жысIэркъым сызыпэщIэхуа дохутырхэр псори зэхуэдэу бегъымбару, псоми тхъупс къегъэжэхыпхъэу. Сызыхуэмыарэзыи сызыгуэзыгъэпаи къахэкIащ. ЗыгуэркIэ уигу зэбгъэн цIыху щымылажьэ IэнатIэ щыIэкъым, дауи. Ауэ зэрыщыту къапщтэмэ, гупыр зэрыIыгъыу, зэкъуэту къызэрыгъуэгурыкIуэр си фIэщ мэхъу. Абы щыIэщ уатепсэлъыхьыну, я цIэ бгъэIуну зыхуэфащэ нэхъыжьыфIхэр, я IэнатIэм зэрыпэрытрэ куэд мыщIами, я Iуэху бгъэдыхьэкIэкIэ щытхъу къэзылэжьа IэщIагъэлI нэхъыщIэхэр.

Апхуэдэ дохутыр нэхъыщIэхэм ящыщщ Щоджэн Амини. Поликлиникэм щыIэ нэхъыжьхэм ядэплъейуэ, абыхэм я фIыр зыхилъхьэу, езыми и Iуэху бгъэдыхьэкIэ иIэжу къогъурыкIуэ ар. Мазэм къриубыдэу ику иту цIыхуи 120-рэ хуэдиз къокIуалIэ ар щылажьэ IэнатIэм. Абыхэм дэтхэнэми задебгъэкIун, бгъэдыхьэкIэ къахуэбгъуэтын, дзыхь зыхуебгъэщIын папщIэ шыIэныгъэшхуэ пхэлъын хуейщ. Апхуэдэ Iуэхум кIий-гуо, тэмакъкIэщIагъ хэт зэрымыхъунур фIы дыдэу къагуроIуэ Амини абы и лэжьэгъухэми. «Псалъэр хущхъуэщ икIи щхъухьщ» жеIэ лъэпкъ гуэрым и псалъэжьым. Ар щIыжаIаращи, псалъэ IэфIыр хущхъуэ пхуохъу, псалъэ дыджым уи узыр егъэбатэ.

Дэтхэнэ зы цIыхуми хуэдэу, Аминэ иIэщ хъуэпсапIэ: ар хуейщ и деж къакIуэ псори сыт щыгъуи къыхуэарэзыну, «сэбэп къытхуэхъуфынущ, ди узыр тщхьэщихынущ» зыхужаIэ дохутыр къищIыкIыну, къыдалъхуахэр хуэузыншэну, и адэанэр куэдрэ къыщхьэщытыну.

И насыпщ зи нэгум угъурлыгъэрэ гуапагъэрэ иплъагъуэ дохутыр бзылъхугъэ лъагъугъуафIэ Щоджэн Аминэ. Сыту жыпIэмэ, ар бгъэдэтщ гукъуэпскIэ зыпыщIа IэщIагъэм. Бгъэдэтщ и лэжьэгъухэри, и унафэщIхэри, псом ящхьэраща, зи узыншагъэкIэ гукъеуэ зиIэу абы деж къакIуэхэри къыхуэарэзыуэ. Я насыпщ апхуэдэ бын зыгъэса адэ-анэми - Щоджэнхэ Мартинрэ Лерэрэ.

**САУТ СултIан.**

## Мы махуэхэм

**ЩэкIуэгъуэм и 2,** *щэбэт*

◆**1940 гъэм** къалъхуащ композитор, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Молэ Владимир**.

◆1947 гъэм къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Бгъэжьнокъуэ Барэсбий**.

◆**1951 гъэм** къалъхуащ геологоминералогие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик, Тыркумэнымрэ УФ-мрэ щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Абыкъуэ Лейлэ**.

◆**1957 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ **Лъостэн Музэ**.

◆**1965 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, зэдзэкIакIуэ **Къармэ Iэсият**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 – 18, жэщым градуси 7 щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 3,** *тхьэмахуэ*

◆**Щэхур хъумэным и дунейпсо махуэщ**

◆**1562 гъэм** Къэбэрдейм и пщы уэлий Идар Темрыкъуэ и щIалэ Думэныкъуэ и гъусэу Астрахань хъаным и деж кIуащ.

◆**1931 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым кърата щ ВЦИК-м и щIыхь тхылъыр.

◆**1949 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ, драматург, зэдзэкIакIуэ, КъШР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шыд Юрэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 – 5, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 4,** *блыщхьэ*

◆**Урысейм щагъэлъапIэ цIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэр**

◆**1742 гъэм** Черкасский Алексей (адыгэпщ) дунейм ехыжащ.

◆**1942 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат **Думэн Хьэсэн**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 5, жэщым градус 0 щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 5,** *гъубж*

◆**Урысейм Дзэ тIасхъэщIэхым и махуэр щагъэлъапIэ**

◆**1867 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, полковник, 1910 – 1917 гъэхэм Налшык округым и унафэщIу щыта **Къылышбий СултIанбэч**.

◆**1942 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI-график **Къып Мухьэмэд**.

◆**1947 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Истамбыл щыIэ Адыгэ Бзылъхугъэ Хасэм и гуащэ **Шурдым Гюнсел**.

◆**1949 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Журт Арчыл**.

◆**1977 гъэм** къалъхуащ УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, 2004 гъэм Афины щекIуэкIа Олимп джэгухэм жэз медалыр къыщызыхьа **Тау Хьэсэнбий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 1, жэщым щIыIэр градуси 7 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Мазэ пэтрэ фыгъуэгъу иIэщ.**

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 4

### 1

**06.00, 10.00, 12.00** Новости
**06.10, 01.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**07.00** «Доброе утро»
**09.00** «Умницы и умники» (12+)
**09.45** «Слово пастыря» (0+)
**10.15** Д/ф «Минин и Пожарский»
**11.15** «Михаил Задорнов. «Только русский человек...» (16+)
**12.15** «Фабрика звезд»
**13.20** Х/ф «КОМАНДИР» (16+)
**15.55** Творческий вечер композитора Александра Зацепина в Кремле (0+)
**18.00** Вечерние новости
**18.30** Х/ф «СОЮЗ СПАСЕНИЯ»
**21.00** «Время»
**21.30** Т/с «МОСГАЗ. ДЕЛО №10. МЕТРОНОМ» (16+)
**22.25** «Победа!» SHAMAN. Концерт на Красной площади
**00.00** Т/с «ПРОБУЖДЕНИЕ» (18+)

### РОССИЯ 1

**05.10** Х/ф «СЧАСТЬЕ СЕРАФИМЫ» (16+)
**09.00** Вести. День народного единства
**09.30** Х/ф «ОГНЕННЫЙ ЛИС»
**11.00** Вести. День народного единства
**11.20** Большой праздничный концерт «Песни русского мира»
**13.00** «Наши». Специальный выпуск (12+)
**14.00** Вести. День народного единства
**14.30** Вести. Местное время
**14.50** «Аншлаг и Компания» (16+)
**17.00, 20.00** Вести
**17.50** «Привет, Андрей!» Специальный праздничный выпуск (12+)
**21.40** Вести. Местное время
**22.00** Х/ф «ПОВЕЛИТЕЛЬ ВЕТРА»
**23.55** Х/ф «ЭКИПАЖ» (16+)

### НТВ

**04.25** Х/ф «ЧЕРНЫЙ ПЕС-2» (16+)
**08.00, 10.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**08.20** Х/ф «ЧЕРНЫЙ ПЕС-3» (16+)
**10.20** Х/ф «ЧЕРНЫЙ ПЕС-3» (16+)
**13.00** Х/ф «ЧЕРНЫЙ ПЕС-4» (16+)
**16.20** Х/ф «ЧЕРНЫЙ ПЕС-4» (16+)
**17.30** Х/ф «ЧЕРНЫЙ ПЕС-5» (16+)
**19.30** Х/ф «ЧЕРНЫЙ ПЕС-5» (16+)
**22.15** Д/сф «Это тоже он»
**23.30** «Крутой концерт». Трибьют песен Игоря Крутого (12+)
**01.25** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**04.30** «История русских крепостей». «Соловки. На страже русского севера» (16+)
**05.50** «История русских крепостей». «Псков. Россия начинается здесь» (16+)
**07.25** «Не факт!» (12+)
**09.00** Новости дня (16+)
**09.10** «Не факт!» (12+)
**09.45** «Битва за Россию. Московская битва 1612 года. Дмитрий Пожарский против польского гетмана Яна Ходкевича» (16+)
**10.35** Д/с «Тайны военной разведки» (16+)
**13.00** Новости дня (16+)
**13.10** Д/с «Тайны военной разведки» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.20** Д/с «Тайны военной разведки» (16+)
**21.00** Наша семья наша победа. Торжественный вечер в честь Дня народного единства (6+)
**22.30** Х/ф «ПРОЕКТ «АЛЬФА»
**00.20** Х/ф «КЛЮЧИ ОТ НЕБА»

### РОССИЯ К

**06.30** Царица Небесная
**07.05** Х/ф «МИНИН И ПОЖАРСКИЙ» (16+)
**08.50** М/ф «Василиса Микулишна». «Сказка о царе Салтане»
**10.05** Х/ф «БОЛЬШАЯ СЕМЬЯ»
**11.45** Старейшие музыкальные коллективы России
**12.15** Д/ф «Исторические курорты России»
**12.45** Концерт-открытие XXI международного фестиваля «Москва встречает друзей»
**14.15** «Рассказы из русской истории»
**15.05** Д/ф «Братья и сестры»
**15.45** Концерт Государственного академического Кубанского казачьего хора в Государственном Кремлевском дворце
**17.25** Х/ф «ДВА КАПИТАНА»
**19.00** Д/ф «Мой Суриков»
**19.30** Новости культуры
**19.45** Х/ф «О БЕДНОМ ГУСАРЕ ЗАМОЛВИТЕ СЛОВО»
**22.30** Опера «Жизнь за царя»
**01.20** Х/ф «ДВА КАПИТАНА»

### МАТЧ!

**06.00** «Вопреки всему» (12+)
**06.30** «Все о главном» (12+)
**07.00, 12.55** Новости
**07.05, 11.45, 18.30, 22.30, 00.45** «Все на Матч!». Прямая трансляция
**09.35** М/с «Команда МАТЧ» (0+)
**10.00** «Легенды спорта» (6+)
**12.35** Специальный репортаж
**13.00** Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура
**13.55** Футбол. «Урал» (Екатеринбург) - «Родина» (Москва). МЕЛБЕТ. Первая лига. Прямая трансляция
**16.00** «Громко»
**16.55** Гандбол. ЦСКА - «Ростов-Дон» (Ростов-на-Дону). Чемпионат России. OLIMPBET. Суперлига. Женщины. Прямая трансляция
**19.00** Смешанные единоборства. Южный рубеж. Прямая трансляция из Краснодара
**21.00** Профессиональный бокс. Х. Агрба - Г. Роса. OLIMPBET. Ночь чемпионов IBA. Прямая трансляция. из Самары
**22.40** Футбол. «Лацио» - «Кальяри». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**01.45** Д/ф «Короли» (12+)
**02.55** Новости (0+)

## Гъубж, щэкIуэгъуэм и 5

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30** Информационный канал (16+)
**13.30** «АнтиФейк» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**20.00** Т/с «ИЩЕЙКА» (12+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «МОСГАЗ. ДЕЛО №10. МЕТРОНОМ» (16+)
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.00** «Разведка боем» (16+)
**00.55, 03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30, 18.30** «60 минут» (12+)
**13.00** «Наши» (12+)
**14.30** Вести. Местное время
**14.55** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.30** «Малахов» (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «СТОЛЫПИН» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.05** Т/с «ДЕМОН РЕВОЛЮЦИИ» (16+)
**03.30** Т/с «ДЕМОН РЕВОЛЮЦИИ» (16+)

### НТВ

**04.50** Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «КОМИТЕТ» (16+)
**22.15, 00.00** Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
**01.55** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**04.20** Т/с «АГЕНТСТВО СКРЫТЫХ КАМЕР» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.05** Т/с «ПОД ПРИКРЫТИЕМ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Д/ф «5 ноября День военного разведчика» (16+)
**11.30, 13.25, 15.05** Т/с «ОПЕРАЦИЯ «НЕМАН» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**15.40, 17.15** Т/с «ОПЕРАЦИЯ «НЕМАН» (16+)
**18.00** «Оружие холодной войны». «Ракетоносцы» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Улика из прошлого» (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «ГОРЯЧИЙ СНЕГ» (16+)
**01.20** Д/с «Москва фронту» (16+)
**01.45** Т/с «ПОД ПРИКРЫТИЕМ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** «Пешком...»
**07.00** Д/ф «Звезда Янины Жеймо»
**07.20** Д/с «Настоящая война престолов»
**08.05** «Жизнь и судьба»
**08.25** Х/ф «О БЕДНОМ ГУСАРЕ ЗАМОЛВИТЕ СЛОВО» (16+)
**10.00, 12.30, 16.30, 19.30, 23.50** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 00.55** ХХ век
**12.45** Новости. Подробно. Книги
**13.00** «Игра в бисер» с Игорем Волгиным
**13.45** Х/ф «ДЕТСТВО ГОРЬКОГО»
**15.25** Д/с «Забытое ремесло»
**15.45** «Сати. Нескучная классика...»
**16.45** «Эрмитаж»
**17.10** Д/с «Запечатленное время»
**17.55** Д/с «Доминанты»
**18.40** Д/с «Настоящая война престолов»
**19.45** Главная роль
**20.05** «Правила жизни»
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.45** Искусственный отбор
**21.30** «Белая студия»
**22.15** Х/ф «КОРОТКИЕ ВСТРЕЧИ» (16+)
**00.05** Д/с «Настоящая война престолов»
**01.50** Д/с «Доминанты»

### МАТЧ!

**06.00** «Вопреки всему» (12+)
**06.30** «Наши иностранцы» (12+)
**07.00, 12.55** Новости
**07.05, 15.30, 16.45, 23.00** «Все на Матч!». Прямая трансляция
**10.00, 12.35, 01.25** Специальный репортаж (12+)
**10.20** «Непобедимый» (12+)
**11.25** Смешанные единоборства. Б. Морено - А. Альбази. UFC. Трансляция из Канады (16+)
**13.00** «Есть тема!». Прямая трансляция
**14.25** География спорта (12+)
**14.55** Бобслей и скелетон. Кубок России. Женщины. Прямая трансляция. из Сочи
**15.55** Бобслей и скелетон. Кубок России. Мужчины. Прямая трансляция. из Сочи
**17.45** Футбол. «Спартак» (Москва) - «Ростов» (Ростов-на-Дону). FONBET. Кубок России. 1/4 финала. Прямая трансляция
**20.30** Футбол. «Динамо» (Москва) - «Локомотив» (Москва). FONBET. Кубок России. 1/4 финала. Прямая трансляция
**00.00** Дартс. Olimpbet. Премьер-лига. Протур 1. Прямая трансляция из Москвы
**01.45** Д/ф «Короли» (12+)
**02.55** Новости (0+)
**03.00** Боулинг. BetBoom Кубок КЛБ. Про-тур. Трансляция из Ижевска (0+)
**05.00** Д/с «Ген победы» (12+)

## Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 6

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30** Информационный канал (16+)
**13.30** «АнтиФейк» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**20.00** Т/с «ИЩЕЙКА» (12+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «МОСГАЗ. ДЕЛО №10. МЕТРОНОМ» (16+)
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.00, 03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30, 18.30** «60 минут» (12+)
**13.00** «Наши» (12+)
**14.30** Вести. Местное время
**14.55** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.30** «Малахов» (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «СТОЛЫПИН» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.05** Т/с «ДЕМОН РЕВОЛЮЦИИ» (16+)
**03.30** Т/с «ДЕМОН РЕВОЛЮЦИИ»

### НТВ

**04.50** Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «КОМИТЕТ» (16+)
**22.15, 00.00** Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
**02.00** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**04.20** Т/с «АГЕНТСТВО СКРЫТЫХ КАМЕР» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.10** Т/с «ПОД ПРИКРЫТИЕМ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Д/с «История военных парадов на Красной площади» (16+)
**12.10, 13.25** Т/с «ОХОТНИКИ ЗА БРИЛЛИАНТАМИ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**15.10, 17.15** Т/с «ОХОТНИКИ ЗА БРИЛЛИАНТАМИ» (16+)
**18.00** «Оружие холодной войны». «Охота на субмарины» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** Д/с «Секретные материалы» (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «ДЕРЗОСТЬ» (16+)
**01.15** Х/ф «НЕПОДСУДЕН» (16+)
**02.45** Д/с «Перелом. Хроника Победы» (16+)
**03.10** Т/с «ОХОТНИКИ ЗА БРИЛЛИАНТАМИ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** «Пешком...»
**07.00** Д/ф «Звезда Любови Орловой»
**07.20** Д/с «Настоящая война престолов»
**08.05** «Жизнь и судьба»
**08.25** Х/ф «О БЕДНОМ ГУСАРЕ ЗАМОЛВИТЕ СЛОВО» (16+)
**10.00, 12.30, 16.30, 19.30, 23.50** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 00.55** ХХ век
**12.45** Новости. Подробно. Кино
**13.00** Д/ф «Лев Аннинский. Возвращение «уходящей натуры»
**13.45** Х/ф «В ЛЮДЯХ» (16+)
**15.25** Д/с «Забытое ремесло»
**15.45** «Белая студия»
**16.45** «Библейский сюжет»
**17.10** Д/с «Запечатленное время»
**17.55** Д/с «Доминанты»
**18.40** Д/с «Настоящая война престолов»
**19.45** Главная роль
**20.05** «Правила жизни»
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.45** Абсолютный слух
**21.30** Власть факта
**22.15** Т/с «МЕГРЭ» (16+)
**00.05** Д/с «Настоящая война престолов»
**01.55** Д/с «Доминанты»

### МАТЧ!

**06.00** «Вопреки всему» (12+)
**06.30** «Голевая неделя. РФ» (6+)
**07.00, 12.55** Новости
**07.05, 17.00, 22.45** «Все на Матч!». Прямая трансляция
**10.00, 12.35, 01.25** Специальный репортаж (12+)
**10.20** «Непобедимый» (12+)
**11.25** Бокс. М. Перри - Э. Альварез. Bare Knuckle FC. Трансляция из США (16+)
**13.00** «Есть тема!». Прямая трансляция
**14.25** «Вид сверху» (12+)
**14.55** Волейбол. «Локомотив» (Новосибирск) - «Динамо-Урал» (Уфа). Чемпионат России. Pari. Суперлига. Мужчины. Прямая трансляция
**18.15** Футбол. «Рубин» (Казань) - ЦСКА. FONBET. Кубок России. 1/4 финала. Прямая трансляция
**20.30** Футбол. «Зенит» (Санкт-Петербург) - «Ахмат» (Грозный). FONBET. Кубок России. 1/4 финала. Прямая трансляция
**23.45** Смешанные единоборства. Б. Морено - А. Альбази. UFC. Трансляция из Канады (16+)
**01.45** Д/ф «Короли» (12+)
**02.55** Новости (0+)
**03.00** Баскетбол. «Пари Нижний Новгород» - УНИКС (Казань). Единая лига ВТБ (6+)
**05.00** Д/с «Ген победы» (12+)

## Махуэку, щэкIуэгъуэм и 7

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30** Информационный канал (16+)
**13.30** «АнтиФейк» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.10** Х/ф «ЧАПАЕВ». К юбилею легендарного фильма (0+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «МОСГАЗ. ДЕЛО №10. МЕТРОНОМ» (16+)
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.10, 03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**01.10** «Мы и наука. Наука и мы» (12+)
**02.05** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30, 18.30** «60 минут» (12+)
**13.00** «Наши» (12+)
**14.30** Вести. Местное время
**14.55** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.30** «Малахов» (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «СТОЛЫПИН» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.05** Т/с «ДЕМОН РЕВОЛЮЦИИ» (16+)

### НТВ

**04.50** Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «КОМИТЕТ» (16+)
**22.15, 00.00** Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
**00.55** «Поздняков» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.00** Т/с «ОХОТНИКИ ЗА БРИЛЛИАНТАМИ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Д/с «История военных парадов на Красной площади» (16+)
**12.10, 13.25** Т/с «ОХОТНИКИ ЗА БРИЛЛИАНТАМИ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**15.10, 17.15** Т/с «ОХОТНИКИ ЗА БРИЛЛИАНТАМИ» (16+)
**18.00** «Оружие холодной войны». «Глаза войны» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Код доступа» (12+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «ЕСЛИ ВРАГ НЕ СДАЕТСЯ...» (16+)
**01.00** Х/ф «ПРИКАЗ. ОГОНЬ НЕ ОТКРЫВАТЬ» (16+)
**02.30** Х/ф «ПРИКАЗ. ПЕРЕЙТИ ГРАНИЦУ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** «Пешком...»
**07.00** Д/ф «Звезда Фаины Раневской»
**07.20** Д/с «Настоящая война престолов»
**08.05** «Жизнь и судьба»
**08.25** Т/с «МЕГРЭ» (16+)
**10.00, 12.30, 16.30, 19.30, 23.50** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 00.55** ХХ век
**12.00, 02.30** Д/ф «Роман в камне»
**12.45** Новости. Подробно. Театр
**13.00** Д/ф «Три революции Максима Горького»
**13.45** Х/ф «МОИ УНИВЕРСИТЕТЫ» (16+)
**15.35** «2 Верник 2»
**16.45** Моя любовь - Россия!
**17.10** Д/с «Запечатленное время»
**17.55** Д/с «Доминанты»
**18.40** Д/с «Настоящая война престолов»
**19.45** Главная роль
**20.05** Открытая книга
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.45** Д/ф «Девчата». Фигуры может и нет, а характер - налицо!»
**21.30** «Энигма»
**22.15** Т/с «МЕГРЭ» (16+)
**00.05** Д/с «Настоящая война престолов»
**01.40** Д/с «Доминанты»

### МАТЧ!

**06.00** «Вопреки всему» (12+)
**06.30** «Вид сверху» (12+)
**07.00, 12.55** Новости
**07.05, 15.30, 16.30, 17.20, 18.15, 21.45** «Все на Матч!». Прямая трансляция
**10.00, 12.35, 01.25** Специальный репортаж (12+)
**10.20** «Непобедимый» (12+)
**11.25** Смешанные единоборства. Д. Дю Плесси - И. Адесанья. UFC. Трансляция из Австралии (16+)
**13.00** «Есть тема!». Прямая трансляция
**14.25** «Большой хоккей» (12+)
**14.55** Бобслей и скелетон. Кубок России. Двойки. Женщины. Прямая трансляция. из Сочи
**15.55** Бобслей и скелетон. Кубок России. Двойки. Женщины. Прямая трансляция. из Сочи
**16.50** Бобслей и скелетон. Кубок России. Четверки. Прямая трансляция. из Сочи
**17.45** Бобслей и скелетон. Кубок России. Четверки. Прямая трансляция. из Сочи
**18.45** Хоккей. ЦСКА - «Спартак» (Москва). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
**22.55** Евротур (12+)
**23.45** Профессиональный бокс. М. Исмаилов - В. Минеев. ПУЛЬСАП. Трансляция из Москвы (16+)
**01.45** Д/ф «Короли» (12+)

# 1 КъБР ☆ «Мир» канал

**Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 4**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «КъэкIуэнур - нобэм». Философие щIэныгъэхэмкIэ доктор Щауэ Асфар (12+)
**6.50** «Усэхэр зэрыт дэфтэр» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «ЦIыху гъащIэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.30** ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэщ. «Зэкъуэтыныгъэр зыгъэбыдэ дерсхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Ди хабзэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.50** Абрамцевэ Н. «Сэ сыхэт?». Сабийхэм папщIэ таурыхъ (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**17.30** «Хабзэр яхъумэу» (12+)
**17.45** «ЩIэныгъэр гъуазэщ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.15** «Зэныбжьэгъугъэм и концерт». «Донбасс», «Кабардинка», «Балкария» къэфакIуэ гупхэр. Япэ Iыхьэ (12+)
**19.10** «IэщIагъэм зыхуагъасэу» (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм ирихьэлIэу. «Дызэкъуэтмэ - дылъэщщ» (12+)
**20.30** «Дахагъэр зи пщалъэ». Дизайнер, лъэпкъ фащэ зыд Бэджокъуэ Бэллэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.10** «Гъунапкъэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Гъубж, щэкIуэгъуэм и 5**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм ирихьэлIэу. «Дызэкъуэтмэ - дылъэщщ» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Дахагъэр зи пщалъэ». Дизайнер, лъэпкъ фащэ зыд Бэджокъуэ Бэллэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.50** «ЩIалэгъуалэр мэгушыIэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Гъунапкъэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.40** «Къыхэхахэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Бжыхьэ дыщафэ». Литературэрэ макъамэу зэхэлъ композицэ (12+)
**17.50** «Ди щIэинхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.20** «Тайм-аут». Спорт нэтын (12+)
**18.35** «Зэныбжьэгъугъэм и концерт». «Донбасс», «Кабардинка», «Балкария» къэфакIуэ гупхэр. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Тхыдэмрэ иджырей гъащIэмрэ» (12+)
**20.35** «Лъэпкъ жьэгур мыужьыхыу» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**21.05** «Фахму бла усталыкъ». СурэтыщI Баккуев В. и лэжьыгъэм теухуауэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 6**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Тайм-аут». Спорт нэтын (12+)
